

# Zvaungaita Kuti Usasuruvara

Pane zvinhu zviviri zvingaita kuti unzwe sezvaunoita: (1) zvaunofunga (2) zvaunoita.

## ONGORORA ZVAUNOFUNGA

Chii chandakanga ndichimbofunga nezvacho pandakazosuruvara?

**MUENZANISO:** Handina shamwari.

Ongorora pfungwa iyoyo!  
*Ndeyechokwadi here?*

**Ehe**

**Aiwa**

**Kana wati ehe:** Nyora pasi zvinhu zvaunogona kuita vhiki ino kuti ugadzirise dambudziko rako.

**MUENZANISO:** Ndinogona kutsvakurudza kuti ndingaita sei kuti ndive neshamwari. Ndinogona kutanga nekuumba ushamwari nemunhu mumwe chete kana vaviri, pane kuda kutsvaga shamwari dzakawanda panguva imwe chete.

**Kana wati aiwa:** Nyora mutsara mumwe chete kana kuti miviri kuti ugadzirise mafungiro ako.

**MUENZANISO:** John ishamwari yakanaka, uye anyatsoteerera pandinenge ndichitaura.



# ONGORORA ZVAUNOITA

Ndezvipi zvekuti kana ukazviita unoswera uchifara?  
Maka chimwe chete kana zviviri zvaunogona kuita  
muvhiki ino:



- Kuekisesaiza
- Kudya zvine utano
- Kuverenga
- Kudhirowa
- Kuridza chiridzwa
- Kunyora nhetembo
- Kunyora *mudiary*
- Kufonera kana kushanyira shamwari
- Kubika kana kubheka
- Kuita rimwe basa rinoda kushandisa mviri nefungwa
- Kudzidzira chimwe chinhu
- Kutsvaga chaungaitirawo mumwe munhu
- Zvimwewo: \_\_\_\_\_

**ZANO:** Tanga zvishoma nezvishoma. Zvadaro maka zvimwe zvaunogona kuita.

Ndezvipi zvaungaita kuti urambe wakasimba pakunamata uku usingasuruvari?

**MUENZANISO:** Sarudza bhuku reBhaibheri raunofarira uye verenga chitsauko zuva rimwe nerimwe.

---

---

---

**ZANO:** Iva nepurogiramu yaunokwanisa kutevedzera inoenderana nemamiriro ako ezvinhu.

Chigadzira purogiramu yemaverengero aunoda kuita Bhaibheri:

(MA)ZUVA

NGUVA

- |  |  |
|--|--|
| <input checked="" type="checkbox"/> Monday | <input checked="" type="checkbox"/> Mangwanani |
| <input type="checkbox"/> Tuesday           | <input type="checkbox"/> Masikati              |
| <input type="checkbox"/> Wednesday         | <input type="checkbox"/> Manheru               |
| <input type="checkbox"/> Thursday          |  |
| <input type="checkbox"/> Friday            |  |
| <input type="checkbox"/> Saturday          |  |
| <input type="checkbox"/> Sunday            |  |

## ONGORORA KUSHANDA KWAZVIRI KUITA

Unogona kuongorora mwedzi nemwedzi kuti uone kuti zviri kukubatsira here kuti ukunde dambudziko rekusuruvara.



**ZANO:** Iva nemwoyo murefu. Usatarisira kuti zvibve zvatochinja nezuva rimwe chete. Zvishoma nezvishoma, zvichaita.